




## FELISITASYON!

Yo aksepte ou nan Wor-Wic Community College.

Tanpri swiv esplikasyon ki nan lis verifikasyon sa a pou w konplete enskripsyon w lan.

   Konplete etap sa yo an pèsòn, pa telefòn ak/oswa sou entènèt.



### EKSPLORASYON KARYÈ AK ÈD FINANSYÈ

# 1

- Tcheke imèl pèsònèl ou pou jwenn non itilizatè, # IDANTIFIKASYON Etidyan ak modpas  
Wor-Wic Non itilizatè: \_\_\_\_\_  
Wor-Wic Modpas: \_\_\_\_\_  
Wor-Wic # IDANTIFIKASYON Etidyan: \_\_\_\_\_
- Pou konekte sou kont **myWor-Wic** itilize non itilizatè ak modpas ou a. W ap bezwen aplikasyon Mobil DUO a pou konekte.
  - Non itilizatè: Premye lèt prenon ak siyati konplè epi kat dènye chif # IDANTIFIKASYON Etidyan an: (e.g.: jdoe1234)
    - Egzanp pou etidyan ki genyen: de siyati jdoejones1234, siyati ak tirè jdoe-jones1234
    - Si premye lèt nan prenon w ak siyati w genyen/depase 17 karaktè, yo ap itilize 3 dènye chif nimewo idantifikasyon etidyan w lan.
  - Modpas: Dat nesans ou an chif epi a lanvè: AAAAMMJJ (egz: 19991228)
  - Si enfòmasyon pou w konekte a pa mache oswa si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan aksè sou pòtay myWor-Wic ou a, tanpri, pa ezite kontakte Biwo Sipò Teknik lan nan 410.334.2870.
- Sonje ranpli Aplikasyon Gratis Èd Federal pou Etidyan (FAFSA) an ak aplikasyon pou bous detid la (ou ka jwenn detay sou fason pou aplike nan Gid Èd Finansye a): [www.worwic.edu/Pay-For-College](http://www.worwic.edu/Pay-For-College)
- Finalize Evalyasyon Karyè quick start guide la avan Seyans Ankadreman Pou Enskripsyon an: [Career Coach Career Assessment](#) (Sa a pa obligatwa pou etidyan kap vizite oswa pou etidyan ESOL yo)



### ANKADREMAN POU ENSKRIPSYON

# 2

- Ankadreman pou Enskripsyon an nesèsè pou revize chwa pwogram akademik, objektif karyè, opsyon èd finansye ak plasman.
- Pou pwograme, anile oswa modifiye yon sesyon Ankadreman Pou Enskripsyon konekte sou sistèm pwogramasyon WCOonline nan sou <https://worwic.mywconline.net/>. Depi ou gen kesyon anvan rankont lan, tanpri voye yon imèl nan [enrollmentcoach@worwic.edu](mailto:enrollmentcoach@worwic.edu) oswa rele 410-334-2895 (opsyon 1).  
Sesyon Ankadreman Pou Enskripsyon yo disponib an pèsòn (se sa ki plis rekòmande), nan telefòn ak anliy.  
Dat: \_\_\_\_\_  
Lè: \_\_\_\_\_  
Adrès oswa fòma: \_\_\_\_\_
  - Relve de nòt (ofisyèl oswa pa ofisyèl) ak/oswa nòt egzamen yo ta dwe al jwenn Biwo Ofisyè a nan [registrar@worwic.edu](mailto:registrar@worwic.edu) anvan ou pran randevou pou yon sesyon Ankadreman Pou Enskripsyon. Relve nòt lekòl segondè yo pa obligatwa pou postilan ki te gradye sa gen plis pase 5 lane sòf si ou gen entansyon aplike pou yon pwogram paramedikal/admisyon limite.



### TÈS NIVO

# 3

- Wor-Wic sèvi ak plizyè opsyon pou detèmine plasman nan kou kolèj pou etidyan yo, ki gen ladan men pa sèlman: tès nivo, tès ESOL, relve nòt lekòl segondè, relve nòt kolèj/inivèsite, nòt GED, nòt SAT/ACT ak lòt ekivalans kou/tès (verifiye Gid Tès Nivo pou plis enfòmasyon).
- Si ou oblije sibi tès nivo a, se pa yon egzamen pasaj. Tès nivo yo **PA GEN DIRE** epi yo **GRATIS**.
  - Prepare w gras ak tchala a epi lis kesyon yo abitye poze yo:  
<https://www.worwic.edu/Services-Support/Testing-Services/Placement-Testing-for-New-Students>
  - Pou verifiye mwayèn ou nan tès la, tanpri kontakte yon konseye akademik.
  - Avi pou moun ki pale Anglè ak etidyan ki pale lòt lang: Tès nivo ESOL yo se yon metòd konplè pou evalye konpetans nan lang. Pou metrize nivo kou akademik yo, etidyan yo bezwen omwen nivo 12yèm ane (klas tèminal) nan tande, pale, lekri, ak ladrès nan ekri. Tès nivo ESOL yo disponib, gratis, nan Sant Evalyasyon Nou an. Rezilta tès yo obligatwa. Tanpri endike si w ta renmen fè yon tès yon plasman ESOL.



## KONSÈY PEDAGOJIK

# 4

Konsèy pedagojik la nesèsè pou ede w kreye yon plan akademik epi enskri nan klas pou atenn objektif akademik ou yo.

- Y ap pwograme randevou pou seyans konsèy pedagojik yo pandan Sesyon Ankadremman pou Enskripsyon ou an oswa apre Tès Nivo a (si sa aplikab).
- Sesyon konsèy pedagojik yo disponib an pèsòn (se sa ki plis rekòmande), nan telefòn ak anliy.
- Enskri nan kou yo bonè pou asire pi bon orè a, maksimize posibilite èd finansyè epi prepare w pou yon semès plen sikse.
- Jwenn Badj Etidyan ou a pou w ka ofisyèl!



## ORYANTASYON AK EKSPERYANS NOUVO ETIDYAN

# 5

Oryantasyon obligatwa e dwe finalize sou entènèt anvan semès la kòmanse. Konplete modil oryantasyon sou entènèt ou yo lè w konekte sou [myWorWic](http://myWorWic) apre ou fin enskri nan kou yo.

- Pandan oryantasyon an w ap resevwa bonjan enfòmasyon sou resous teknolojik, resous kanpis la, kijan pou w patisipe ak fason pou w kenbe liy dwat ou nan Wor-Wic Community College.
- Patisipe nan Pwogram Otòn Byenveni Mèkredi a sou kanpis la semèn anvan kou yo kòmanse a. Rankontre Dwayen, Chèf Depatman, Fakilte ak lòt nouvo etidyan ki nan menm pakou/pwogram etid avèk ou.
- Achte liv ou yo, fè yon vizite kanpis la, epi reflechi sou ki jan ou ta renmen enplike w nan lavi sou kanpis la.
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou evènman sa yo nan katab akèy etidyan ou an oswa lè w kontakte Sèvis Etidyan kanpis la.



## FRÈ AKADEMIK

# 6

Kontwòle kont [myWorWic](http://myWorWic) ou a pou suiv travay ki poko fini oswa dokiman verifikasyon pou konfime tout dokiman Èd Finansye yo fin ranpli.

- Verifye kont [myWorWic](http://myWorWic) ou pou konnen balans aktyèl ou ak dènye delè pou ou fè peman yo.
- Peye fakti ou, monte yon plan peman oswa jwenn enfòmasyon sou èd pou peye frè akademik atravè enstitisyon entèmedyè [www.worwic.edu/Pay-For-College](http://www.worwic.edu/Pay-For-College)



## KONTAKTE NOU

Student Services  
Brunkhorst Hall, Sal 109  
32000 Campus Drive  
Salisbury, MD 21804  
410-334-2800

Lè nou louvri:  
Lendi – Jedi 8:00 am – 6:00 pm  
Vandredi 8:00 am - 4:30 pm  
Tanpri rele pou chwazi jou Samdi a ak lè .  
[www.worwic.edu/Contact-Us](http://www.worwic.edu/Contact-Us)

## NÒT:

Dokiman sa a disponib nan lòt fòm pou moun ki gen andikap lè w kontakte sèvis andikape yo nan [kmohler@worwic.edu](mailto:kmohler@worwic.edu), 410-334-2899 oswa TTY 410-767-6960. Wor-Wic Community College se yon edikatè ak yon anplwayè opòtinite egal. Vizite [www.worwic.edu/Services-Support/Disability-Services](http://www.worwic.edu/Services-Support/Disability-Services) pou aprann plis.